

Patisipasyon nan RPDC

Nan Roxbury Prep verifikasyon ke tout moun prezan an pa sèlman yon bagay enpòtan pou siksè akademik elèv yo men li la tou pou li asire sirte ak sekirite elèv yo. Elèv yo fòme abitud ki enpòtan pi bonè paske yo kòmanse devlope responsabilite pou yo vin lekòl alè, pou yo prepare yo pou yo aprann. Fanmi yo ka ede timoun yo devlope bon abitud—tankou abitud pou dòmi, manje ak etidye—yon fason pou elèv yo prè pou yo aprann. Estaf lekòl la ka ede elèv yo ajiste woutin yo, aprann atant yo, epi devlope bon abitud akademik.

Lalwa Eta a fè elèv yo egzijans pou yo prezan lekòl la. Limit ki vin annapre yo soulinye nan nan lwa eta a:

- Lè yon elèv gen 5 absan san jistifikasyon nan yon trimès, lekòl la gen egzijans pou li fè yon reyinyon ak paran an pou li diskite de absans timoun lan.
- Lè yon elèv gen 8 absan san jistifikasyon nan yon trimès, lekòl la gen egzijans pou li depoze nan yon tribinal yon demann pou yo ede l ak timoun nan (Child Requiring Assistance, CRA).

Selon ti liv Roxbury Prep la, twa reta ekivalan a yon absans. Nan objektif pou suiv done yo, lekòl la ap konvèti reta yo an absans nan tout dosye ofisyèl yo. Nan lide pou nou an konfòmite ak lalwa epi pou no aji alavans, lekòl Roxbury Prep yo ap suiv pwotokòl sa yo:

# Absans ekivalan a	Evènman
3 nan yon sèl trimès	Apèl lekòl la
5 nan yon sèl trimès	Reyinyon paran nan lekòl la
7 nan yon sèl trimès	Lekòl la ap rele fanmi an pou li raple yo egzijans legal yo genyen pou yo depoze yon CRA
8 nan yon sèl trimès	Lekòl la ap depoze yon CRA
10 an total pou ane a	Reyinyon paran nan lekòl la
15 an total pou ane a	Dezyèm reyinyon paran a Direktè a
20 an total pou ane a	Lekòl la ap depoze yon CRA
Plis pase 20 an total pou ane a	Direktè a ap rele paran an pou yo diskite sou konsekans posib pou elèv la refè klas la

Kesyon yo poze lepisouvan

Kòman mwen ka motive yon absans? Ou ka fè sa lè w voye elèv ou a lekòl ak yon nòt kote yon doktè oswa yon dantis siyen. Li sipoze bay nòt la nan biwo prensipal la, voye yon faks bay to 617-275-5760, oswa yon imel bay mo@roxburyprep.org.

Èske mwen ka rele pou mwen motive absans lan? Wi, tanpri rele Biwo Prensipal la nan 617-858-2300 pou w pale ak Jesyonè Biwo a. Men, fòk ou konnen ke se lidè lekòl la ki ap di kilè motif yon absans fonde vrèman vre—si elèv ou an absan pandan plizyè jou yon sèl kou, nou ka mande w dokiman ki pwouve ke li te malad tout bon vre, ke li te absan akòz relijyon l, akòz aparasyon nan tribinal, oswa vizit nan inivèsite.

Èske mwen ka rele pou mwen motive yon absans ki gen 3 mwa? Non. Nòt oswa apèl pou motive yon absans sipoze soumèt nan yon semèn apre absans lan.

Politik ki gen pou wè ak Prezans
(selon Ti Liv Elèv ak Fanmi Roxbury Prep lan 20-21)

Prezans elèv yo enpòtan pou byennèt yo ansanm ak kominote lekòl la. Pou rezon sa, lekòl la fè egzijans pou aplike politik sou prezans ki vin annapre a:

- Nou ankouraje paran yo ak gadyen yo pou yo asire ke timoun yo an vin lekòl regilyèman epi nou dekouraje yo anpil pou yo pa pran randevou nan lè orè lekòl timoun yo.
- Paran oswa gadyen yo sipoze rele lekòl la pi bonè yo kapab, men pa pita pase 7:30 AM, ai timoun yo an ap absan pou nenpòt ki pati nan jounen an.
- Se lidè lekòl la sèlman ki ap di kilè yon absans fonde vrèman nan ka kote yo verifye ke timoun nan te malad vrèman vre, ke li te absan akòz relijyon l, akòz aparasyon nan tribinal, vizit nan inivèsite, oswa aksyon disiplinè ke lekòl la enpoze (tankou sispansyon).
- Imedyatman timoun nan retounen lekòl, chak elèv sipoze soumèt a Jesyonè Biwo a yon nòt detaye—ki gen siyati paran an oswa gadyen an—ki (tout) dat absans lan (yo) epi ki esplike rezon absans lan (yo). Nan ka maladi, yo sipoze bay lekòl la yon nòt ki soti nan men yon doktè. **Si nou pa soumèt nòt sa yo jou elèv la retounen lekòl la, yo ka konsidere absans lan kòm yon absans ki pa motive.**
- Si yon elèv absan pou plis pase senk (5) jou nan yon sèl trimès, sa ka afekte l pou li monte nan pwochen klas la. Yo ka egzije yon reyinyon paran ak Dwayen elèv yo ak/oswa lidè lekòl la pou nenpòt ki elèv ki gen senk (5) oswa plis absans ki pa motive oswa 15 reta nan yon trimès.
- Apre uit (8) absans nan yon trimès, lekòl la ka rapòte bay eta a oswa bay otorite lokal yo eksè absans timoun ou an. Anplis de sa, yon elèv kapab pèdi posibilite pou li patisipe nan aktivite ak vwayaj lekòl la.
- Li ekstrèmman enpòtan pou elèv yo rive lekòl alè chak jou. Nou pa p aksepte reta ki pa motive. Chak fwa gen twa (3) reta, nou kontwole yo kòm yon (1) absans. Yo ka pwograme epi fè w egzijans pou w vin nan lòt reyinyon paran ak lidè lekòl la.
- Yo ka pran kèk mezi disiplin kont elèv la, tankou retire merit li te genyen oswa fè l refè klas la, selon kòd disiplin lan, akòz li an reta ak/oswa akòz absans ki pa motive.
- Yon elèv ki pa vin lekòl senk (5) jou lendèyèlòt san li pa mete lekòl la okouran oswa si li enskri nan yon lòt lekòl, yo ka mete l deyò. Anplis, paran yo sipoze retire timoun yo lekòl la atravè yon avi alekri.

Mizajou sou prezans timoun yo nan kou a distans yo

Pandan kou a distans yo, yo suiv prezans timoun yo 2 fason;

1. Chak maten, gen yon kesyon ankèt ke yo sipoze reponn ant 6 AM a 3 PM. Elèv yo sipoze ale nan RPDC Attendance Google Classroom lan epi klike sou 'present' pou yo ka konte antanke moun ki prezan pandan jou an.
2. Pandan chak klas zoom pwofesè a ap suiv prezans yo epi l ap mete yon nòt nan kaye pou nòt la. Y ap bay elèv la yon 'tchèk' si li te prezan pandan leson an epi l ap resevwa yon 'blan' si li pa t prezan pandan chak leson sou yon matyè nan zoom.

Pandan kou a distans yo, yo pa ka make lè elèv yo anreta. Swa yo prezan oubyen yo absan.

